# JAY GÁPLERDI OQÍTÍWDA «ROLLI OYÍN» USÍLÍNAN PAYDALANÍW

**Qazaqbaeva Maxsuda**
*Ájiniyaz atındağı NMPI 3-kurs studenti*

*Ilimiy basshı* **Allanazarov E.** *f.i.k.*, *docent*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17704498

***Kalit so'zlar:*** *lingvistika, antonim, sifat, valentlik, ekvivalent, kontekst, obraz, semantika, stil, shakl.*

***Ключевые слова:*** *лигвистика, антоними, прилагательные, валентность, контекст, образ, семантика, стиль, форма.*

***Key words:*** *linguistic, language, context, concerning, peculiarities, semantical, stil, forma.*

Ulıwma bilim beriw mekteplериniń joqarı klasslarında innovaciyalıq usıllardan paydalanıw arqalı jas áwladtıń tek sawatlılığın ǵana jetilistirip qoymastan onıń dúnya tanımalılıǵın, ziyrekligin hám logikalıq oylaw qábiletin de arttıratuǵın, keleshekte shólkemlestiriwshilik uqıbın da rawajlandıratuǵın ózgeshelikke iye boladı.

Inovaciyalıq metodlar tálim-tárbiya barısında oqıwshılar hám oqıtıwshı arasındaǵı belsendilikti asırıw arqalı oqıwshılardıń bilimlerin ózlestiriwin jedellestlrlw, jeke sıpatların rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Metodlardı qollanıw sabaqtıń nátiyjeliligin asırıwǵa járdem beredi. Innovaciyalıq bilim beriwdiń tiykarǵı ólshemleri: báseki- óz ara pikir talasların ótkeriw, oqıw materialın erkin bayan etiw hám obrazlı súwretlew imkaniyatın arttırıw, oqıwshılardıń belsendilik kórsetiwine imkaniyatlar jaratılıwına erisiw, kishi topar, úlken topar, klass jámááti bolıp islew boyınsha tapsırmalar beriw, jazba isler orınlaw hám basqa metodlardan ibarat bolıp, olar tálim-tárbiyalıq iskerlik nátiyjeligin asırıwda úlken áhmiyetke iye.

Innovacialıq usıllardı qollanıw nátiyjesinde oqıwshılardıń óz betinshe pikirlew, talqılaw, juwmaq shıǵarıw, óz pikiriin bayan etiw, onı mısallar menen tiykarlanǵan halda qorǵay alıwı, salamat qarım-qatnas, sáwbetlesiw, pikir talasın alıp barıw kónlikpeleri qáliplesedi hám turaqlı rawajlanıp baradı.

Bul máselede amerikalı psixolog hám pedagog B.Blum biliw hám emocional tarawlardaǵı pedagogikalıq maqsetlerdiń taksonomiyasın jaratqan edi. Onı «Blum taksonomiyası» dep ataydı. (Taksonomiya-barlıqtıń quramalı dúzilgen tarawların klassifikaciyalaw hám sistemalastırıw teoriyası). Ol oylawdı biliw qábiletleri arqalı rawajlanıwına muwapıq ráwishtegi altı dárejege ajırattı. Bular - oylawdıń rawajlanıwı, biliw, túsiniw, qollanıw, analiz-talqılaw, ulıwmalastırıw, bahalaw dárejeleri esaplanıladı.

Usınday bahalı maǵlıwmatlardı qáliplestiriw barısında joqarı klasslarda jay gáplerdi oqıtıwda innovaciyalıq sabaqlardıń ayırmashılıqların onıń kúndelikli sabaqqa qaraǵanda ózgesheliklerin sezip otıradı. Tómendegi dástúriy hám innovaciyalıq sabaqlardıń ayırmashılıqların berilgen kestede kóriwimiz múmkin:

| **Tiykarǵı túsinikler** | **Ámeldegi sabaq** | **Innovaciyalıq sabaq** |
|---|---|---|
| Sabaqtıń maqseti | Sabaqtıń maqseti boyınsha bilim, kónlikpe, tájiriybelerdi qáliplestiriw, bekkemlew | Sabaq teması boyınsha erkin pikirlew, juwmaqqa keliw, olardı bayan qılıw, qorǵawǵa úyretiw. |
| Sabaqqa tayarlıqqa talaplar | Sabaq jobası konspekt hám didaktikalıq qurallardı tayarlaw | İnnovaciyaalıq sabaq islenbeleri, óz betinshe jumıslar ushın tapsırmalar, tarqatpa materiallar, basqa kerekli qurallardı tayarlaw |
| Oqıwshılar tayarlıǵına talaplar | Aldıńǵı sabaq boyınsha wazıypalardı orınlap keliw | Jańa sabaq teması boyınsha tiykarǵı túsiniklerdi hám dáslepki maǵlıwmatlardı biliw |
| Waqıttıń bólistiriliwi | Sabaq waqtınıń kóp bólegi oqıtıwshınıń taza temanı túsindiriwi, analiz qılıwı, tapsırmalardı túsindiriwi, ózlestiriwdi baqlaw qılıwǵa sarplanadı | Sabaq waqtınıń kóp bólimi oqıwshılardıń ǵárezsiz tapsırmaların orınlawı, pikir almasıwı, talqılawı, óz juwmaqların bayan etiwi hám qorǵawǵa sarplanadı |
| Sabaqtıń modul hám algoritmleri | Sabaqtıń moduli hám algoritmlerden hár bir oqıtıwshı ózi qollap atırǵan metodqa sáykes paydalanadı | Hár bir sabaq aldınnan tayarlanǵan moduller hám algoritmlerge, proektlerge sáykes ótkeriledi. |
| Oqıwshılardan talap etiletuǵın háreketsheń dárejesi | Oqıwshılar dıqqatın jámlew, túsiniw, pikirlew, tapsırmalardı orınlaw boyınsha háreketsheń. Sóylesiw kórinisleri: oqıtıwshı-topar; oqıtıwshı-oqıwshı, oqıwshı-oqıtıwshı, topar-oqıtıwshı. | Oqıtıwshı hám oqıwshılar hám hár tárepleme háreketsheń, birgelikte sheriklilik kórinisleri:oqıtıwshı-oqıwshı, oqıwshı-oqıwshı, oqıwshı-kishi topar, oqıwshı-oqıtıwshı, kishi topar-oqıtıwshı. |
| Bilimlerin ózlestiriwdiń tiykarǵı usılları hám útiletuǵın nátiyje | Qarım-qatnas ortaǵa taslaw, sóylesiw alıp barıw, báseke, tartıs, pikir, analiz, talıqlaw, oqıw hám basqalar. Tema boyınsha oqıwshılardıń bilim kónlikpe tájiriybelerdi ózlestiriwleri | Qarım-qatnas, pikirdi ortaǵa taslaw, sóylesiw alıp barıw, báseke, pikir júritiw, analiz hám basqalar, oqıwshılardıń óz pikir, juwmaqların qáliplestiriw, olardı ǵárezsiz bilim alıwǵa úyretiw. |

Joqarıdağı kestede kórinip turǵanınday, jay gáplerdi oqıtıwdıń eki usılı arasında sezilerli dárejede ózgeshelikler kózge taslanadı.

Jay gáplerdi oqıtıwda «Rolli oyın» usılın qollanǵan sabaq waqıtında oqıwshılardıń ózlestirgenligin innovaciyalıq belgiler sistemasın paydalanıw járdeminde anıqlaw ushın qollanıladı. Bul usıldı qollanıw oqıwshılarǵa tekst penen islewdiń áhmiyetliligin bildiriw arqalı olardıń qábiletin asıradı. Rolli oyın usılınıń belgiler sisteması tómendegidey kóriniske iye bolıwı shárt: Jay gáplerdi oqıtqanda bul usıldıń strategiyasın qollanǵanda:

1- qádemde jay gápler boyınsha túsindiriw isleri alıp barıladı;

2- qádemde gáptegi mazmun arqalı individual pikirlew talap etiledi;

3- qádemde gáptiń mazmunı boyınsha óz pikirleri tiykarında tallaydı;

4- qádemde alınǵan maǵlıwmattı organayzerler arqalı sistemalastıradı.

Jay gáplerdi «Rolli oyın» usılınan paydalanıp oqıtıwdıń ózine tán ózgeshelikleri. Ulıwma bilim beriw mektepleri joqarı klasslarında innovaciyalıq usıllardan paydalanıw – bul oqıwshınıń dúnya tanıwshılıq iskerligin arttıratuǵın, shólkemlestiriwshiligin rawajlandıratuǵın ózgeshelikke iye boladı.

Dástúriy emes metodlar tálim-tárbiya barısında oqıwshılar hám oqıtıwshı arasındaǵı belsendilikti arttırıw arqalı oqıwshılardıń bilimlerin ózlestiriwin aktivlestiriw, jeke sıpatların rawajlandırıwǵa xızmet qıladı. Innovacialıq metodlardı qollanıw sabaqtıń nátiyjeliligin asırıwǵa járdem beredi. Innovacialıq tálimniń tiykarǵı ólshemleri: báseke-tartıslar ótkeriw, oqıw materialın erkin bayan etiw hám súwretlew imkaniyatı, lekciyalar sanı azlıǵı, biraq seminarlar sanı kópligi, oqıwshılardıń liderlik kórsetiwine imkaniyatlar jaratılıwına, kishi topar, úlken topar, klass jámááti bolıp islew boyınsha tapsırmalar beriw, jazba isler orınlaw hám basqa metodlardan ibarat bolıp, olar tálim-tárbiyalıq isler nátiyjeligin asırıwda ózine tán áhmiyetke iye.

Házirgi waqıtta joqarı klasslarda ana tilin oqıtıw metodların jetilistiriw tarawındaǵı tiykarǵı baǵdarlarınan biri innovacialıq tálim hám tárbiya usılların engiziwden ibarat. Innovaciyalıq usıllardı qollanıw nátiyjesinde oqıwshılardıń óz betinshe pikirlew, talqılaw, juwmaqlar shıǵarıw, óz pikiriin bayan etiw, onı tiykarlanǵan halda qorǵay biliw, salamat qarım-qatnas, sáwbetlesiw, tartıs alıp barıw kónlikpeleri qáliplesip, rawajlanıp baradı. Bunda oylawdıń rawajlanıwı biliw, túsiniw, qollanıw, analiz, ulıwmalastırıw, bahalaw dárejeleri boladı.

Mektep sabaqlarında hám oqıw qurallarında, oqıwshılar menen túrli ámeliy, awızeki hám jazba jumıslar kóbinese kórkem ádebiyattan alınǵan jay gáplerge tiykarlanǵan bolıp keledi. Bunıń sebebi kórkem til janlı tildiń barlıq kórinislerin óz ishine aladı. Demek, joqarı klass oqıwshısı sabaq procesinde kórkem shıǵarma tili menen baylanısadı. Muǵallim klassta tek anaw, ya mınaw qısqa tekst hám

mısallardıń bazasında til qubılısları menen faktlerine tallaw isletiw menen ǵana sheklenip qalmastan, belgili bir konkret kórkem shıgarmanıń tilindegi jay gáplerdi baqlaw, ol tuwralı oqıwshılardıń juwmaq shıǵarıwına da tayarlawı orınlı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, oqıwshılardıń ulıwma qaraqalpaq tilindegi tillik qubılıslardı úyreniwin, olardı tereń biliwge kónligiwin keltirip shıǵaradı. Solay etip, keleshekte olardıń qospalıraq jumıslar islewine múmkinshilikler tuwdıradı. Jay gáplerdi oqıtıwdı shólkemlestiriw, onnan unamlı nátiyjege erisiw ushın Rolli oyın usılınan paydalanıw ayrıqsha nátiyje beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Abdimuratov P. «Pedagogikalıq texnologiya» 2010 j. N., QMU.
2. E. Allanazarov. Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası. N,. 2023.
3. Yúldoshev J., Yúldosheva F., "İnterfaol talim sifat kafolati", T.2009
4. Pirniyazova A. «Qaraqalpaq tilin pedagogikalıq texnologiya tiykarında oqıtıw» N., 2008